



EVANJELIZASYON

POU

TIMOU



Tab Matyè

	Paj
Entwodiksyon	2
1. Enpòtans Evanjelizasyon	3
1.1. Enpòtans Timoun Pou Bondye	3
1.2. Enpòtans Evanjelizasyon Timoun Piti Yo	3
2. Karakteristik Evanjelizasyon Timoun	5
2.1. Ki Kote Nou Ka Evanjelize Timoun?	5
2.2. Ki Moun Ki Ka Preche Yon Timoun?	5
2.3. Kouman Nou Ka Mennen Yon Timoun Bay Kris La?	5
3. Karakteristik Yon Lidè K'ap Travay Ak Timoun.....	9
3.1. Koze Moral	9
3.2. Lidè A Dwe Yon Disip	10
3.3. Pwofil Ke N'ap Atann De Lidè A	10
4. Estrateji Pou Evanjelizasyon Timoun	12
4.1. Nan Lekòl Dimanch Ian	12
4.2. Evanjelizasyon Pèsonèl	12
4.3. Evanjelizasyon Masif	16
5. Timoun Nan Sove. E Après? Travay Disip Timoun Nan	18
5.1. Aprè Konvèsyon Timoun Nan	18
5.2. Konsèvasyon Nan Rezilta	18
5.3. Ki Fòmasyon Nou Ta Renmen Bay Timoun Yo Pou Yo Grandi?.....	19
5.4. Resous Pou Ede Nan Konsèvasyon Rezilta Yo	20
6. Konsèy Pou Sèvi Avèk Fim Jezi A Nan Ministè Avèk Timoun Yo Lekòl Dimanch Lan	21

ENTWODIKSYON:

Nou pa'p janm ka doute de travay evanjelis yo nan kondwi moun al jwenn Jezikris. Men, li bon pou nou presize ke gen yon seri de aksyon ki dwe fèt anvan fonksyon evanjelistik la pou louverni chemen an: yon priyè espesyal pou yon moun, yon envitasyon, yon konsèy, yon bon temwanyaj, elatriye. Mwayen rapwochman sa yo pase de yon jenerasyon a yon lòt jiskaske yo rive nan tan pa nou an, pandan ke ya'p fè Krisyanis lan pwopaje chak jou pi plis.

Nou kwè ke gwo travay sa ki se evanjelize, li pi pwodiktif si nou konsidere sa nou sot di la yo e anplis si nou travay kòm legliz pou nou reyalize'l. Liv Evanjelizasyon pou timoun sa a pote kèk konsèy pou ede nan gwo travay nan domèn timoun yo.

Tout moun konnen ke travay evanjelistik la pa sèlman rete nan travay moun. Nou rete kwè ke pi bon metòd evanjelistik yo t'ap initil si nou devalorize entèvansyon ak direksyon endispansab Lespri Sen an.

Li enpòtan pou nou presize ke evanjelizasyon se pa selman fè disip, paske si nou ta pretann sa nou pa t'ap pi bon ke farizyen yo. Evanjelizasyon timoun se prezante yo bay Kris la, kòm moun ki ka transfòme lavi yo.

Objektif prensipal Evanjelizasyon se ede kondisyon lavi timoun nan ak fanmi li chanje avèk pouvwa rejeneratè Jezikris. Sa ap pote kwasans nan legliz la kòm yon degi.

Pami kretyen yo, nan dènye tan sa yo genyen yon zye louverni ki fèt sou enpòtans evanjelizasyon. Se legliz la ki mwayen ke Jezikris chwazi pou reyalize travay sa a. Se poutèt ke nou dwe ini epi travay pou nou akompli misyon evanjelistik sa a.

Se nan Evanjelizasyon e pwoklamasyon lanmou Jezikris, timoun Bondye a, kòm sila a ki ofri lòm Delivrans ak Lavi pou tout tan, ke n'ap wè yon chanjman tout bon vre nan lavi timoun yo. **Paske levanjil la se Pouvwa Bondye pou Sove tout moun ki kwè.**

Liv Evanjelizasyon pou timoun sa yon zèv, ki soti nan esperyans ak travay di. Objektif li se fasilite travay tout sila yo ki enterese nan evanjelizasyon timoun. Nou espere ke se yon benediksyon e yon èd pou tout moun ki santi yo enspire pou yo pran responsablite sa a k'ap yon gwo benediksyon pou legliz Kris la.

“Enstwi timoun yo nan chemen yo dwe swiv lan, e lè yo granmoun yo pa'p abandone'l.”

Pwovèb 22:6

EVANJELIZASYON POU TIMOUN

Rafael Serrano ak Reveran Patricia Picavea

1. ENPÒTANS EVANJELIZASYON TIMOUN

Genyen twa rezon ki enpòtan anpil:

- a. Timoun yo menm jan ak granmoun yo, yo pèdi; kè yo plen peche e chemen yo se chemen lanmò, yo bezwen direksyon **“Tout moun fè peche. Yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a” (Women 3:23)**
- b. Kris ansenye ke timoun yo enpòtan “Konsa, se pou nou imilye nou tankou timoun sa, li se granmoun nan wayòm syèl la. E nenpòt moun ki resevwa nan non mwen yon timoun konsa, li resevwa mwen tou” (Matye 18: 1-5).
- c. Paske se yon laj presye, pandan tan sa timoun yo gen imilite sifizan pou yo konnen lanmou Bondye epi kwè avèk lafwa. **“Nan tan sila a disip yo te vini kot Jezi yo t’ap di: Kiyès ki pi gran nan wayòm syèl la? Jezi te rele yon timoun, li mete’l nan mitan yo epi li di: An verite m’ap di nou sa, si nou pa tounen tankou timoun yo e nou pa aji tankou timoun yo, nou pa’p antre nan wayòm syèl la.” (Matye 18:1-3)**

1.1 ENPÒTANS TIMOUN POU BONDYE

Jezi renmen timoun yo tankou moun ki enpòtan anpil pou li. Dapre Mak 10:13-16, li pa’t devalorize yo, li te atire yo a li menm, epi li te poze men li sou yo, li beni yo.

Pou kèlke moun, nan bouch timoun yo sa ki sòti se sèlman bri san rezon, pawòl san sans ak ide san enpòtans. Men lespri yo jèn e li louvri pou tandè vwa Bondye, timoun yo vle pale ak Bondye e Bondye vle koute tout sila yo ki chache li (Sòm 8:2).

Nou dwe aprann de sansiblite timoun yo, pou Bondye ka revele nou plis bagay toujou. Timoun yo pa sèlman poze kesyon pou yo satisfè rezon ak konesans sèvo yo, yo pa fèmen kiryozi yo nan aspè sa yo sèlman; yo chèche konprann sa yo santi nan zafè afeksyon, emosyon yo, dezi yo oubyen relasyon yo avèk lòt moun e avèk tèt yo. Se pou tout sa timoun yo pi dispoze espesyalman pou yo resevwa pawòl Bondye a, paske yo fè sa ki enpòtan an, sa ki fondamental la ki se kè kontan total, ki pa materyèl, ni rasyonèl oubyen ekonomik. Yo kwè ke sa pawòl Bondye a di yo e pwomèt yo a se verite, paske kwayans yo pa limite. Lafwa timoun yo natirèl e reyèl (Lik 10:21).

1.2 ENPÒTANS EVANJELIZASYON TIMOUN PITI YO

Nou ka di ke yon timoun ka resevwa levanjil la depi li ti katkat. Men si nou panse ke gen yon laj responsab, sa vle di lè timoun nan konnen tout bon vre sa ki byen ak sa ki mal, ke nou ka sitiye ant 5 a 11 zan, sa se pa yon règ paske gen moun ki temwanyen ke yo te konnen Senyè a lontan anvan laj sa yo. Kiyès ki ka di an gwo ponyèt ke gen yon ane egzak pou sa?

Kèlkeswa laj responsab ou pa, sa ki gen yon gwo enpòtans se prezante levanjil la. Men nou dwe fè atansyon, timoun yo souvan yo reponn lè yo rele yo sou lotèl la oubyen pou yo asepte Kris la paske lòt moun fè li, men pa paske yo konprann sa yo ap fè a, sa fè ke chak fwa nou rele moun sou lotèl la yo vini tou. Poutèt sa nou dwe fè atansyon epi envite moun sou lotèl la sèlman nan okazyon espesyal tankou kwazad oubyen nan moman nou wè timoun nan sansib a mesaj la, san nou pa tonbe nan yon bagay repetitif, ke timoun nan ka vin pa bay enpòtans aprè kèlke tan.

Sèl sa Bondye mande pou li sove nou se yon lafwa senp, tankou lafwa yon timoun. L'ap gade chak moun selon konesans li avèk kapasite li. Si yon timoun gen sèlman 4 an, Bondye ap satisfè avèk yon repons lafwa 4 an pou li. Si yon timoun gen 8 an, Bondye ap aksepte yon lafwa 8 an.

Si se yon granmoun, Bondye ap aksepte yon lafwa granmoun. Si se yon timoun l'ap resevwa avèk bon volonte li yon senp lafwa timoun.

Lè nou sove timoun yo bonè bonè, yo ap grandi nan lagras bonè bonè tou. Lavi kretyen an se yon pwosesis ki lè li koumanse pi bonè, penmèt yon moun grandi pi plis. Estatistik yo montre nou ke:

86% moun yo konvèti anvan 15 lane

10% moun yo konvèti ant 15 ak 30 lane

4% moun yo konvèti aprè 30 lane.

Se yon ijans pou nou evanjelize timoun piti yo, paske avèk presyon nan kwansans sa yo ke nouvo jenerasyon an ap afwonte a, nouvo ideyoloji yo ap eseye rive sou yo pou kapte yo. Anplis, nou remake nan jou sa yo, gen yon gwo kantite fwaye k'ap kraze osinon ki enstab, sa fè ke reyalite timoun yo vin de jou an jou pi difisil. Nou gen yon mesaj liberasyon ki dwe rive jwenn timoun yo an ijans, paske li ka chanje lavi yo epi ede yo valse avèk sa lavni resève pou yo.

2. KARAKTERISTIK EVANJELIZASYON TIMOUN

2.1. KI KOTE NOU KA EVANJELIZE TIMOUN?

Nenpòt kote Sentespri a mennen nou kapab bon pou sa. Si timoun nan ap viv nan yon fwaye kretyen, kote ki pi natirèl la se kapab lakay li avèk paran li yo epi frè'l ak sè'l yo oubyen legliz li konn ale a. Paran yo se kapab pi bon pwofesè pou timoun nan, paske andedan kè yo yo genyen enterè, lanmou, pasyans, enfòmasyon epitou kapasite pou yo koumanse antre li nan sijè lavi kretyèn nan.

Anpil fwa Bondye pale ak timoun nan sèvis granmoun yo, ladan yo yo konn fè envitasyon sou lotèl la epi timoun yo konprann mesaj la epi yo apwoche vin chèche delivrans lan. Konseye lotèl yo oswa pwofesè timoun nan dwe ap swiv pou si sa rive, pou apwoche, pale ak yo epi mande yo poukisa yo te pase sou lotèl la epi bay yo konsèy apwopriye.

Genyen tou kèlke aktivite evanjelik ki fèt espesyalman pou preche timoun yo. Sa yo ka fèt sou plas piblik, nan lekòl, lakay yo, oswa nenpòt kote ki disponib pou aktivite sa a.

Klas Lekòl dimanch lan se yon tan apwopriye. Timoun yo se tè fètil, si pwofesè a atantif epi okouran de elèv li yo Seyè a kapab itilize li, epi pwofite nan bon fason de opòtinite.

2.2. KI MOUN KI KA PRECHE YON TIMOUN?

Youn nan kondisyon yo pou preche yon timoun se kapasite pou etabli yon apwòch komunikasyon ak konfyans avèk yo. Yon lòt aspè enpòtan se konnen Pawòl la epi abitye avèk tèks levanjil yo epi sèvi ak yon vokabilè senp ki fasil pou konprann. Li enpòtan pou genyen yon vokasyon epi lanmou pou evanjelizasyon epi sitou pou timoun yo.

Pwofesè lekòl dimanch yo ak fanmi yo pou pozisyon yo oswa relasyon yo genyen ak timoun yo sèvi kòm enstriman natirèlman apwopriye pou kondwi yo bay Kris la. Chak semen, yo ka fè fas ak timoun yo epi rive konnen yo trè byen, se poutèt sa yo ta dwe sansib a bezwen espirityèl timoun yo.

Malgre ke gen moun ki travay espesyalman avèk timoun, nan sikonstans espesyal nenpòt kretyen serye ka kondwi yon timoun bay Kris la paske sa se responsablite tout kretyen.

2.3 KOUMAN NOU KA MENNEN YON TIMOUN BAY KRIS LA?

Sa yo se etap pou nou swiv lè n'ap mennen yon timoun bay kris la.

Lè n'ap bay envitasyon an.

- Nou dwe sansib ak endikasyon Sentespri a. Sentespri a dwe konvenk timoun yo ke yo gen bezwen yon Sovè. Pa eseye fè timoun yo santi yo koupab.
- Fè yon plan aksyon. Planifye sa w'ap fè lè timoun yo reponn a envitasyon an. Si sa posib, prepare yon asistan k'ap travay avèk lòt timoun yo pandan w'ap priye avèk timoun ki repond yo.
- Sèvi ak mo ke timoun konprann.

- d. Pèmèt yon ti tan pou Sentespri a pou pale ak timoun yo, men pa pwolonje envitasyon an si pa gen okenn repons.

Fondasyon Biblik bay envitasyon an

Genyen yon gwo kantite Ekriti biblik ki ka apiye envitasyon an epi montre timoun nan etap yo pou li resevwa Kris la kòm Sovè li, sa a se youn nan yo, e li ka itil. Nan Jan 3:16 Bondye di nan Pawòl li a, Labib,

"Paske Bondye sitèlman renmen lèzòm"	sa vle di ou menm, mwen menm, Charles, Mari, elatriye.
"Li bay sèl timoun li ya pou yo"	Sa vle di Seyè a Jezikris.
"Tout moun ki va mete konfyans yo nan li"	Sa vle di, yo kwè ke Jezi te vini, li te mouri epi li te leve soti vivan ankò pou delivre yo.
"p'ap pèdi lavi yo."	Sa vle di, ou p'ap oblije pran pinisyon pou peche ou yo.
"Okontrè ya gen lavi ki p'ap janm fini an."	E sa se pa mouri men ale viv avèk Bondye nan syèl la pou tout tan.

Zye nan kè timoun nan dwe konsantre sou Seyè nou an Jezikri, kòm pi gwo ewo. Paske se la nou tout dwe gade pou nou viv. Li pa sifi pou nou dekri Grandè ministè Senyè a. Li ta dwe presize ke Kris la te mouri pou timoun yo tou, se li ki te peye chatiman nou te merite a. Li dwe konsantre'l kòm yon bagay pèsònèl.

Kouman ou kapab ede timoun yo lapriye epi konprann priye yo?

Lè timoun nan konprann mesaj la epi li vle fè lapriye pou li aksepte Kris la, nou sijere bagay sa yo:

- Si sa posib, pale avèk chak timoun endividyèlman.
- Pèmèt timoun lan di ou poukisa li te vin priye. Timoun nan ka, oswa li ka p'ap chèche delivrans. Li posib ke li ka vle lapriye pou yon zanmi oswa fanmi li ki malad. Si timoun lan pa eksprime yon bezwen espirityèl, priye yon ti tan pou timoun nan e avèk sa li vin mande a.
- Sèvi ak Ekriti biblik yo pou pèsonalize envitasyon an. Li Jan 3:16 ak 1 Jan 1: 9 ranplase non timoun nan nan plas pwonon pèsònèl yo.

Si timoun nan eksprime yon bezwen espirityèl, prezante plan delivrans lan. Yon fwa ou fin esplike yo lide delivrans lan, se tan pou envoke Seyè a ki te renmen yo, ki te mouri epi leve pou yo, pou li vini nan lavi yo. Nou kapab pran kòm egzanp yon moun oswa fanmi ke yo apresye epi yo renmen resevwa lakay yo. A pati de sa nou dwe esplike'l ke **si li vle Jezi antre nan kè li, alò yo dwe envite li, epi di li, "Antre, Seyè. Antre nan lavi mwen. Mwen aksepte ou kòm Sovè mwen."** Sa a li enpòtan pou timoun nan di li ak pawòl li avèk tout konpreyansyon ak tout konviksyon posib.

- Mande Bondye pou li padonnen ou.
- Kwè ke Jezikri te mouri pou peche ou yo (pa di peche men pito bay egzanp pratik, tankou manti, kòlè, elatriye.) epi mete konfyans ou nan li pou li sove ou.

- Konfese peche ou yo. (Di Bondye ke ou te fè sa ki mal, e ke ou regrèt.)
- d. Pèmèt timoun nan lapriye. Si timoun nan ezite, di li yon bagay tankou, "Di Bondye ou konnen ou te fè sa ki mal. Mande li pou li padonnen ou. Di ou kwè ke Jezikri te mouri pou peche ou, epi ou vle viv jan li vle a."

Lè timoun lan fin priye, mande li : "Ki sa Bondye fè pou ou?" Evite sèvi ak kesyon pyèj tankou "Èske Jezi sove ou deja?" Kite timoun nan di ou sa ki te pase. Si timoun nan di ke li lapriye men li pa konnen si Bondye te padonnen li, eksplike li ke Bondye padonne'l menm si li pa santi anyen e ke sa se lafwa.

Si timoun nan pa kwè, se kapab nesèsè pou repete pwosedi a, pandan w'ap pran tan pou eksplike chak etap selon sa ki apwopriye. Yo ka pa pare, nou pa dwe fòse yo, paske yo ka asepte sèlman pou yo fè ou plezi ak pou yo gen yon bon imaj nan je'w.

Chak fwa ke w'ap priye pou timoun, di Bondye mèsè paske li renmen li ak nenpòt sa li deside. Si timoun nan te dakò, priye pou Bondye ede li grandi nan li menm epi pou'l vin yon bon kretyen.

Li posib ke timoun nan konnen peche a, avèk delivrans nan Kris la, men li pa't janm reyalize'l nan lavi li. Pawòl ki soti nan Jan 1:12, "Bondye ba yo pouvwa tounen pitit Bondye", ede nou nan sa. Kwè se resevwa, e resevwa se kwè. Nan lòt mo, pou nou kwè nou dwe resevwa Kris la avèk volonte nou. Timoun nan dwe di (omwens nan kè li): "Antre, Seyè Jezi." Li dwe santi li bezwen Seyè a. Li dwe di Bondye "wi". Ou dwe fè yon bagay pou montre li aksepte'l ak volonte nan kè li.

Ekriti bibliik nesèsè

Men kèk vèsè ki apwopriye pou montre nan yon fason ki senp chemen delivrans lan.

Ki moun ki gen bezwen pou yo sove yo ?

- (1) "Nan pwèn moun ki gen rezon devan Bondye. Nou, pa menm yon grenn" (Women 3:10).
- (2) "Tout moun fè peche. Yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a" (Women 3:23).

Ki moun ki ka sove lòt moun?

- (1) "Men ti mouton Bondye a k'ap wete peche moun sou tout latè" (Jan 1:29).
- (2) "Sa se yon pawòl ki vre, pawòl tout moun te dwe kwè: Jezikri te vini sou latè pou delivre moun k'ap fè peche." (1 Timote 1:15).

Kijan Kris la sove nou?

- (1) "Kris la te pote peche nou yo nan kò li sou bwa a, pou nou te kapab mouri annegad peche, pou te ka viv dwat devan Bondye." (1 Pyè 2:24).
- (2) "Sou pwèn sa a, Bondye montre nou jan li renmen nou anpil. Paske nou t'ap fè peche toujou lè kris la mouri pou nou." (Women 5: 8).
- (3) "Paske Bondye sitèlman renmen lèzòm Li bay sèl pitit li a pou tout moun ki va mete konfyans yo nan li pa pèdi lavi yo. Okontrè ya gen lavi ki p'ap janm fini an." (Jan 3:16).

Kisa nou dwe fè pou nou ka sove?

- (1) "Mete konfyans nou nan Senyè Jezikris la epi w'a va delivre, ou menm ansanm ak tout fanmi ou" (Travay 16:31).
- (2) "Men, sa ki te resevwa'l yo, sa ki te kwè nan li yo, li bay pouvwa a tounen pitit Bondye" (Jan 1:12).

Kisa ki pase lè nou mete konfyans nan Kris la?

- (1) "Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo kounyeya "(2 Korentyen 5:17).
- (2) "Si Pitit Bondye a ban nou libète, n'a lib tout bon. (Jan 8:36).

Kisa nou pral fè aprè nou delivre?

- (1) "Renmèt kòz ou nan men Senyè a, mete konfyans ou nan li; l'a ede ou. " (Sòm 37: 5).
- (2) "Tout sa n'ap fè, tou sa n'ap di, fè li nan non Seyè Jezi a, san nou pa janm bliye di Bondye mèsi nan li. " (Kol 3:17).

Ki obligasyon nou genyen anvè lòt moun?

- (1) "Men, lè Sentepri a va desann sou nou, n'a resevwa yon pouvwa. Lè sa a n'a sèvi'm temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan Samari, jouk nan dènnye bout latè" (Travay 1: 8).
- (2) "Se konsa li montre nou pou nou viv pandan n'ap tann benediksyon li te pwomèt nou yo, lè bèl pouvwa Jezikri, Bondye nou ak delivrans nou, va parèt. " (Tit 2:13).

3. KARAKTERISTIK YON LIDÈ K'AP TRAVAY AK TIMOUN

Tout sevité yo nou ekspozé nan zye lòt moun epi anpil ap swiv jès nou ak anpil atansyon. Kòm lidè nou yo nan yon vitrin ke tout moun ka wè. Gen timoun ki vle vin tankou lidè yo a paske li se egzanp ki pi pre yo genyen de sa yon kretyen ye. Poutèt sa lidè yo a se yon wòl modèl pou yo. Se poutèt sa, li enpòtan ke tout moun ki vle travay avèk timoun se yon kretyen ki gen bon temwanyaj ak konviksyon fèm.

3.1. KOZE MORAL

Malgre ke sijè sèks la se yon koze ki pa toujou fasil pou nou touche, nou dwe mansyone sa Manyèl Legliz Nazareyen an 1997; nan Apendis, chapit V, paragraf 904 sou zafè Moral ak sosyal, nan paragraf 904, .4 ki pale sou sila yo qui san defans:

"Legliz Nazareyen pa tolere abi sou kelkeswa moun, laj oswa sèks, epi sansibilize konsyans piblik la sou bagay sa nan piblikasyon epi li bay enfòmasyon edikasyonèl ki apwopriye yo.

Legliz Nazareyen an reafime pozisyon istorik li ki vle ke moun ki aji anba otorite legliz la yo entèdi tèt yo komèt imoralite seksyèl ak lòt fòm move tretman sou moun ki san defans yo. Lè yo mete yon moun nan pozisyon kote yo fè'l konfyans oswa kote li gen otorite, Legliz Nazareyen an ap sipòze ke kondwit moun nan te genyen nan pase li nòmalman se yon endikatè serye de konpòtman ke li petèt pral genyen. Legliz la refize remèt pozisyon otorite bay yon moun ki te sèvi deja ak yon pozisyon konfyans oswa otorite pou yo komèt imoralite seksyèl oswa fè abi sou moun san defans yo, sof si gen mezi apwopriye yo te pran pou yo anpeche konpòtman sa yo repete. Menm si moun nan yo jwenn ki te koupab de zak sa yo montre li gen remò, yo pa ta dwe konsidere sa kòm yon prèv sifizan pou yo elimine posibilite ke moun nan ka komèt yo ankò, sof si anplis de remò yo gen yon chanjman evidan nan konpòtman moun nan pandan yon tan ki ase long pou endike ke li pa pwobab pou li refè menm bagay la, (1997). "

Paske legliz la se pa egzante de gen moun a pwoblèm ki vle pran avantaj de inosans timoun yo nan mitan pawasyen yo ak zanmi yo, nou rekòmande avèk anpil ensistans ke lè nou ap chwazi lidè ki ap travay avèk timoun nou fè sa ak bon jan evalyasyon. Nou swete fè lidè ki travay avèk timoun yo sonje ke yo dwe fè anpil atansyon lè yo fè fas ak timoun yo ak jèn yo. Yo depoze konfyans yo nan granmoun yo epi yo respektè otorite yo san yo pa poze okenn kesyon. Se poutèt sa, nou ofri sijesyon sa yo:

- Pami posiblite yo epi pou yo devlope lidèchip gason yo, li rekòmande ke ni fanm ni gason yo travay.
- Kòm yon lidè obsève konpòtman kòlèg ou yo nan ministè epi rapòte bay pastè nenpòt anomali. Fè atansyon epi sèvi ak bon jijman, pa fè kòmantè, oswa kòmanse rimè sou sa ou pa verifye. (Sòm 101: 5; Levitik 19:16, Timote 5:13).
- Planifye aktivite pou ke toujou gen plis pase yon granmoun ak timoun yo.
- Lè yon timoun eksprime ke yon lidè nan ministè a li bo oswa karese'l yon fason ki pa nòmal, kwè sa l' ap di a epi touswit pale ak direktè ministè a oswa pastè a, men pa janm gaye sa bay lòt moun. Epi fè menm jan an tou, si yon timoun denonse konpòtman abizif paran li yo oswa fanmi li.
- Si timoun yo bezwen ale nan twalèt la, li rekòmande pou yon fanm akonpanye ti fi yo epi yon gason ak ti gason.
- Moun k'ap akonpaye timoun nan dwe di yon lòt granmoun kote li prale, epi li dwe retounen ak timoun lan nan sal aktivite a pi vit ke posib.

Avèk règleman sa yo, nou pa vle fè moun doute lidè yo, men si nou aplike pou tout moun egal-ego, pa gen plas pou sitiyaasyon ki pa nòminal.

Nou se yon legliz ki sen epi nou pa dwe kite anyen mal vin sal imaj nou, paske sa ap sal imaj Kris la tou. Si antite layik yo pran prekosyon sa yo nou menm nou dwe aplike yo plis toujou.

3.2. LIDÈ A DWE YON DISIP

Lidè a dwe yon disip Kris la pou li ka amelyore li de jou an jou. Nan fason sa a li pral yon bon modèl vizib pou timoun nan epi l'ap ka montre avèk lavi'l kijan granmèt la ye "Yon elèv pa pi fò pase mèt li. Men yon elèv ki fini nèt l'ap fò tankou mèt li." (Lik 6:40)

Kèlkeswa jan lidè a jèn. Li ta dwe yon egzanp pou tout kwayan, Menm lè li jèn sa pa eskiz pou li pa yon temwen nan lavi kretyèn li. "Pa kite pèsòn pase ou nan betiz paske ou twò jèn. Men, se pou ou tounen yon egzanp pou moun ki kwè yo, nan jan ou pale, nan jan ou menm ou mennen tèt ou, nan jan ou gen renmen, nan jan ou gen konfyans, nan jan w'ap mennen yon lavi ki dakò ak volonte Bondye" (1 Timote 4:12). Sa ki enpòtan se ke lidè a ranpli avèk Sentespri a pou Bondye ka manifeste nan li menm. Li pa dwe gen santiman siperyorite sou lòt moun lè l'ap travay ak timoun, okontrè lidè a dwe gen rekonesans pou mizerikòd Bondye a epi ba'l benediksyon paske li ka sèvi'l epi li dwe yon enstriman pou Bondye.

Sila a ki vle dedye tèt li a ministè itil sa a ki se preche timoun yo, li dwe prepare'l seryezman. Li pa dwe janm panse ke sa a se yon ministè san valè. Preparasyon li dwe kòmanse nan kè li. Moun nan dwe konplètman asire de delivrans pwòp tèt li, pa favè, ak nan lafwa. Chak jou dwe asire'l ke li gen yon kè ki pwòp, pou sa a li dwe konfese peche li yo tout tan. Li dwe kwè totalman nan delivrans timoun yo. Mande Bondye tout tan pou li ba li yon santiman enkyetid soti nan syèl la, pou ti mouton yo ke Kris la te mouri pou yo a, pou yo pote yo byen vit nan patiraj Bon Bèje a.

3.3. PWOFIL KE N'AP ATANN DE LIDÈ A

- Yon lavi sanntifye epi ki plen ak transfòmasyon.
- Yon pèsonalite ki estab epi ki gen matirite, adaptab nan sikonstans yo.
- Sansiblite nan trete timoun.
- Yon gwo anvi pou yo prezante bon nouvel wayòm Bondye a
- Kapasite pou yo etabli epi kenbe relasyon pèsònèl
- Angajman ak mesaj Bondye a
- Anpil pèsèverans
- Sansiblite pou detekte nesite espiyèl, emosyonèl oswa materyèl lòt moun.
- Yon lespri sèvis ak sakrifis
- Bon disiplin nan zafè pèsònèl li

ANDEDAN LI

- a. **Eksperyans pèsònèl.** Pwoklamasyon Levanjil la gen kòm objektif prensipal li konvèsyon gason ak fanm nan yon nouvo lavi nan Kris la.

- b. Kidonk nou ka di ke, pa gen okenn moun ki ka preche Levanjil la si li pa fè eksperyans yon konvèsyon reyèl nan lavi li.
- c. **Plen ak Sentespri a.** Lè ou gen Sentespri a ou santi ou an sekirite, konfyans epi'w bezwen pale pawòl Bondye ak tout moun. Se pou nou pa bliye ke Jezi li menm te di: "Men, lè sentespri a va desann sou nou na resevwa yon pouvwa, lè sa na sèvi'm temwen nan jerizalèm, nan tout peyi Jide, ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènnye bout latè" (Travay 1: 8)
- d. **Lapriyè ak jèn.** Lapriyè ak jèn se zouti pwisan pou fè egzèsis ministè evanjelizasyon an (Travay 13: 2-3).
- e. **Konesans ak etid bib la anvan.** Pa gen moun ki ka bay sa l' pa posede. Pou kapab byen preche sa mande yon konesans rezonab de Bib la. Ki jan yon moun ka anonse bon nouvèl la si li pa konprann li nan limyè bon pawòl ki ekri a anvan? Kidonk se enpòtan ke li fouye pawòl la epi konnen li nan bon ti mamit (1 Pyè 3:15). Kòm yon bagay anplis, li bon pou nou revize konsèp yo ki ekri nan liv Efezyen 6: 10-20.

KISA POU EVANJELIS LA EVITE

- a. Bliye lapriyè.
- b. Pèmèt kòlè monte l.
- c. Bliye ke Bondye avè l'.
- d. Pase konfyans fidèl la nan betiz.
- e. Rive an reta nan randevou a.
- f. Prolonje prèch la twòp.
- g. Angaje yo nan polemik.
- h. Dekouraje si li pa fè siksè.
- i. Bay konsèy li pa gen kapasite pou'l bay.
- j. Fè kòmantè san valè.
- k. Patisipe nan randevou a si li santi l mal; sepandan, tanpri jistifye.

KISA EVANJELIS DWE TOUJOU FÈ.

- a. Prepare mesaj li a bonè.
- b. Rekonèt limit li yo.
- c. Dirije timoun yo ak lanmou
- d. Fè atansyon ak vokabilè li.
- e. Mache ak bib.
- f. Di mèsaj poutèt yo resevwa li.
- g. Pote bwochi pou timoun yo.
- h. Montre antouzyas ou pou pawòl Bondye a.
- i. Mache ak materyèl nesèsè
- j. Montre lanmou nan atitid li.
- k. Tande timoun nan.
- l. Fini sèvis la ak politès.

4. ESTRATEJI POU EVANJELIZASYON TIMOUN

4.1. NAN LEKÒL DIMANCH LAN

Lekòl dimanch lan se yon tan espesyal pou evanjelizasyon paske rankont ak timoun nan fèt chak semèn. Se poutèt sa li bon pou konsidere sijesyon sa yo:

- Fè yon lis ki gen done sou konbyen timoun ki deja resevwa Kris la.
- Yon sous pou nouvo kontak, ke nou ka envite pou okazyon espesyal.
- Enfliyans pwofesè yo trè enpòtan. Lè yo gen yon relasyon espesyal ak elèv yo, yo konnen sitiyasyon espirityèl yo e yo ka apwoche yo lè sa nesesè.
- Sèvis evanjelizasyon pou timoun yo, pwograme nan klas la menm epi avèk kolaborasyon elèv yo ak pwofesè yo. Fòmasyon pou evanjelizasyon pèsònèl pou elèv yo menm.
- Ansèyman doktrin nan prepare elèv yo pou yo resevwa jèm levanjil la.

4.2. EVANJELIZASYON PÈSONÈL

Evanjelizasyon pèsònèl pou timoun nan se youn nan estrateji yo ki pi dinamik. Pou rezon sa a metòd la dwe aplike nan fason trè kreyatif.

Evanjelizasyon pèsònèl dwe:

- Enteresan:** li dwe kapte atansyon byen vit jiskaske yon desizyon pran.
- Senp:** li dwe prezante Levanjil la nan nivo konpreyansyon timoun yo.
- Kout:** li dwe soumèt tout plan delivrans lan nan lespas de a senk minit. Li enpòtan anpil pou nou pratike **Règ la nan 1 x 1 (yon sèl minit leson pou chak ane timoun nan)**.
- Vizyèl (desen) :** li dwe yon metòd ki konsantre sou senk sans yo, espesyalman zye. Li dwe itilize koulè ak imaj ki kominiye Levanjil la pou zye timoun nan.
- Aktif:** li dwe ankouraje patisipasyon total epi kontinyèl timoun nan pandan tout prezantasyon an.
- Planifye, òganize epi prepare:** li dwe bibliik epi konplè, sa vle di, li dwe gen ladan li:
 - Yon sistèm envitasyon timoun pou timoun (Plan Gran Frè a chak timoun priye epi envite lòt timoun).
 - Yon plan konsèvasyon imedya pou rezilta.

Egzanp metòd evanjelizasyon pèsònèl

a. "Egzamen zye pou timoun yo"

Èd Vizyèl: Yon desen grafik ki genyen koulè sa yo

Vèt: kreyasyon mond lan ak moun

Blan takte: kè ki sal ki pa ka ale nan syèl la

Wouj: lanmò ak rezirèksyon Kris la

Blan: kè pwòp ki resevwa Kris la

Dorado: syèl la, ki fèt pou tout moun

Sa a pral sèvi nan "tès zye a", anplis dwe genyen yon kòd osinon yon mèt pou tabli distans timoun nan ak desen an.

Metòd la:

1. Lè timoun nou pral preche a rive, oswa le nou avè l', mande'l si li te pase yon "tès zye pou timoun" deja? Lè li di non, envite li pran tès la, pandan ke w'ap avèti li ke li se gratis, san doulè epi li dire yon minit sèlman.
2. Make distans yon mèt lan, epi timoun nan pare.
3. Evanjelis la prezante timoun nan tès la, li di: "N'ap kòmanse isit la avèk premye a"
4. Ki koulè sa ye? "(Lè timoun nan reponn, li enpòtan pou ankouraje'l epi di "se sa, byen, ou gen bon zye. "Si'l reponn mal, li enpòtan pou repete koulè a e menm ede timoun nan. Objektif la se anseye levanjil la.)
5. "E desen sa a, ki sa li ye? (Mond lan) kòrèk. Koulye a, ou ka li mo sa a isit la? (Kreyasyon) Trè byen".
6. "Ann kontinye nan nimewo de a". Metòd la kontinye jouk nan 6 ki mande timoun nan: "ou vle yon kè ki pwòp?" Lè sa evanjelis la di, "Zye ou trè bon, men kè ou se sal, se pa vre? Ou pa vle mande Kris la yon kè ki pwòp kounye la menm? Mwen ap ede w. "

Lè sa moun nan priye ak timoun nan e li pran done li yo (non, adrès ak laj), Nan jou kap vini yo, evanjelis la kòmanse Plan Gran Frè avèk nouvo kwayan an.

b. Modèl ak separèt ak desen.

Èd Vizyèl: Bib la ak separèt modèl dapre tèks la, se verite yo montre.

Metòd: Nou ankouraje konvèsasyon ak timoun nan pandan ke n'ap montre'l separèt yo ak foto yo epi eksplike li konsa:

- a. (Montre yon kè nan separèt bristòl la) Eksplike'l ke sa vle di "BONDYE SI TÈLMAN RENMEN LÈZÒM LI BAY SÈL PITIT LI A POU YO. TOUT MOUN KI VA METE KONFYANS YO NAN LI P'AP PÈDI LAVI YO. OKONTRÈ Y'AP GEN LAVI KI P'AP JANM FINI AN." Nan Jan 3:16. Ou ka reprann vèsè a, ranplase mo "mond" lan epi "tout moun" ak non timoun nan.
- b. (Montre yon figi ki tris). Eksplike "MEN OU MENM, OU PA KA VIV AK KÈ KONTAN POU TOUTAN AKOZ PECHE." Women 3:23, la ankò ranplase mo "tout" lan ak non timoun nan; konsa tou esplike li ke peche se dezobeyi Bondye anplis... manti, tronpe, vòlè, elatriye... kite timoun nan ede ou ajoute plis egzanp peche.
- c. (Montre yon kwa). Eksplike "OU MENM SÈL OU PA KA FÈ ANYEN POU OU KAPAB AVÈK BONDYE, MEN JEZI MOURI SOU YON KWA YON JOU E SE LI MENM SÈL KI KAPAB RETIRE PECHE NOU YO EPI APWOCHÉ NOU KOTE BONDYE." Women 5: 8 yo eksplike fason Jezi te mouri pou li ak san'l li ka netwaye tout peche sa yo ki anpeche ou apwoche bò kote Bondye.
- d. (Montre yon nwaj blan). Eksplike "ENVITASYON POU TOUNEN VIN JWENN BONDYE EPI RESEVWA KRIS LA KÒM SOVE" eksplike "kè ou kenbe tout peche sa yo ke ou te fè pandan tout tan sa yo. Bondye ki wè ou epi konnen ou, li vle ke ou pa menm moun nan ankò. Si ou vle ou ka mande padon pou peche ou yo epi Jezi ki te bay san li pou ou nan moman sa a li ka

netwaye tout peche sa yo epi kite lavi ou pwòp epi bèl tankou nwaj tou blan sa a. Nan 1 Jan 1: 9 di

- e. (li li) ou vle fè li, m'ap ede w? Ann priye. Gide timoun nan nan yon priye konfesyon epi mande Kris la antre nan kè li.
- f. (Montre yon figi kè kontan). Eksplike "GEN KONVIKSİYON KE KRIS LA NAN KE OU" kounye a rasire timoun nan paske'l envite Kris nan kè l', li deja la epi depi moman sa a l'ap toujou avè'l. Revelasyon 3:20, parafrase: "koutè. Men mwen nan pòt la m'ap frapè. Si yon moun tandè vwa'm si'l louvri pòt la pou mwen m'a antre lakay li, m'a manje avè'l l'a manje ansanm avèk mwen.
- g. Kounyea mete aksan sou jan li ka kòmanse viv yon fason diferan, sa vle di: Li Bib la pou li aprann plis sou Jezi. Priye oswa mande Bondye ede li chak jou. Li ka pi bon timoun nan kay ak nan lekòl la. Ale legliz pou li konnen plis moun ki pale de Jezi. Di lòt moun kouman Bondye bon ak ki jan li te voye Jezi pou yo tou.

c. 5 verite yo nan men nou.

Èd vizyèl: Bib ak men timoun nan.

Pwosedi: verite sa yo pou nou montre yo se 5, epi kòmanse nan dwèt pous la jiska ti dwèt la avèk sipò bibliik sa yo.

1. Pous: MWEN SE PECHÈ, Women 6:23, "Tout moun fè peche, ou menm avèk mwen. Peche se tout bagay ki pa fè Bondye plezi, kidonk se nan dezobeyisans ke li fèt."
2. Endèks: BONDYE RENMEN'M, Women 5: 8 "malgre nou se pechè, Bondye renmen nou epi li voye Jezikri Pitit li a delivre nou anba peche.
3. Majè: KRIS LA TE MOURI POU MWEN. Women 5: 8 b-c. "Jezikri sove nou anba peche paske lè li te vin sou tè a, yo te kloure li sou kwa e li te mouri pou ou ak pou mwen."
4. Anilè: MWEN DWE KWÈ NAN LI. Women 3:22 ak 24. "Si mwen kwè nan li, si mwen gen lafwa nan Jezikri ke l'ap delivre'm, delivre'm anba peche'm yo, gratis, san mwen pa fè anyen plis ke kwè. Mwen ka fè'l. Ou kwè sa a? Nou ka gide ou nan lapriye.
5. Orikilè (Ti dwèt la): MWEN SOVE. Women 6:23 "Kounyea, w ap an sekirite de lanmò peche a, e kado a ke Bondye ba nou an Jezikri se lavi etènèl avèk li."

d. Liv san mo a.

Koulè paj	BLE SYÈL	TAKTE	WOIJ	BLAN	VÈT
KONSÈP	BONDYE	NESESITE	MOUN AK ZÈV LAN	APWOPYASYON	KWASANS
Sa nou ansenye avèk paj sa a	1. Kreyatè: li fè ou 2. Lanmou: li renmen'm	1. Definisyon 2. Egzamp 3. Nou fèt nan peche	1. Vrè pitit Bondye 2. Li pran pinisyon nou an	1. Envitasyon 2. Sekirite ke n'ap sove 3. Konfesyon peche	Timoun nan ka konnen Bondye pi byen 1. Priye

	3. Li prepare yon kote 4. Sen	4. Separe de Bondye (penisyon)	3. Li bay san li 4. Li mouri epi li resisite		2. Li Bib la 3. Asiste sèvis legliz 4. Fè sa legal: ba li liv, Priye pou li Ekri non li ak adrès li.
Vèsè Biblik	Jan 3:16	Women 3:23	1 Korentyen 15:3–4	Jan 1:12 Ebre 13:5 b 1 Jan 1:9	
Kijan pou nou esplike timoun yo verite sa yo	<p>Esplike kiyès ki Bondye: li fè tout bagay, pyebwa yo, mòn yo, ak ou menm tou...</p> <p>Bondye renmen'w anpil e l'ap prepare yon plas pou pitit li yo nan syèl la. Li sen epi san tach e se konsa lakay li ye tou.</p>	<p>Peché se nenpòt bagay kip a fè Bondye plezi.</p> <p>Egzamp: Bay manti, vòlè, elatriye.</p> <p>Nou fèt avèk anvi pou nou fè mal.</p> <p>Bib la di ke nou dwe resevwa yon pinisyon pou peche nou yo. Pinisyon sa a se separasyon nou de Bondye pou tout tan. (Mande timoun nan èske li rekonèt ke li se pechè)</p>	<p>Kris la, pitit Bondye a, pa't janm fè anyen ki mal. Li pran pinisyon'w lan sou lakwa ak pwòp volonte li. Bondye mete peche nou yo sou li. Kris la bay san li pou nou. Li pa rete nan lanmò. Li tounen viv ankò, li resisite.</p>	<p>Li epi esplike Jan 1:12.</p> <p>Repase'l avèk kesyon.</p> <p>Timoun nan priye pou li resevwa Kris la. Ba li asirans:</p> <p>Pitit kiyès ou ye kounyea?</p> <p>Kòman ou fè konn sa ?</p> <p>Èske Kris la ap kite'w?</p> <p>Esplike konfèsyon peche a.</p>	<p>Koulè vèt la raple nou ke bagay yo ap grandi.</p> <p>Kounyea pandan ke ou kwè nan Kris la, ou dwe grandi nan li,</p> <p>Esplike:</p> <p>1.Lapriyè 2.Li Bib la 3.Asiste sèvis nan legliz 4.Temwanyaj</p> <p>. Ba li liv . Priye pou li . Ekri non li</p>
Fraz linyon	“Men gen yon bagay ki p'ap nan syèl la. Se peche.”	“Men Bondye gen yon plan mèvèy pou ke mwen menm	“E Kounyea, pou sa Kris la te fè pou nou an, nou ka	“E kounyea ke nou se pitit Bondye. Li vle	

		avèk ou pa oblije pran pinisyon pou peche nou yo”	jwenn padon pou peche nou yo”	ke nou konnen li pi byen”
--	--	---	-------------------------------	---------------------------

4.3. EVANJELIZASYON MASIF

a. Fim Jezi

Objektif yon kanpay timoun se pou genyen nouvo timoun. Diferans la avèk evanjelizasyon pèsonèl la se ke Levanjil la dwe prezante ak menm prensip kreyativite yo ak dinamis men pou tout yon gwoup timoun nan yon menm tan. Anplis, ou dwe panse fòm yon selil disip deyò legliz lokal la pou kontinye travay la lè kanpay la fini. Yon kay kapab yon bon plas pou ka kòmanse yon legliz pi devan.

Tèm kanpay la kapab:

"Tout Timoun Kris la"

Men kèk rekòmandasyon pou nou reyisi nan yon kanpay Timoun;

- Gen yon ekip ki gen de jiska sis moun ki resevwa fòmasyon.
- Gen yon kay disponib pou selil la.
- Chwazi yon kote pou Kanpay evanjelizasyon Timoun yo (Se kapab lakou oswa garaj kay la, twotwa, pak oswa teren ki tou pre, elatriye)
- Planifye, òganize epi pou prepare byen tout pwogram kanpay pou Timoun nan.
- Chwazi epi antrene moun yo.
- Fè yon pwomosyon efikas. Anpil piblisite: trak oswa bristòl.

Kèk konsiderasyon anvan yon kanpay timoun

a. PLAN GRAN FRÈ A

Plan gran frè a se yon engredyan esansyèl pou reyisit yon kanpay Timoun. Konsolidasyon ak disip pèmanan ministè timoun yo anpil depann de li pou siksè yo. Gran frè a se pral moun ki va lapriyè pou timoun nouvo epi anvan kanpay la l’ap vizite yo omwen de fwa pou l’envite yo nan kanpay la.

Vizit chak semèn nan ap gen twa objektif: simante lanmou, amitye ak kominikasyon ant yo de a.

- Ankouraje frè ki pi piti a pou li asiste kanpay la, selil la oswa legliz la.
- Ankouraje nouvo timoun nan pou li apwoche gwoup la.

b. PREPARASYON EKIP TRAVAY LA

Anvan nenpòt kanpay timoun, se nesèsè pou gen tout ministè timoun yo an aksyon andedan ak deyò legliz lokal la. Kanpay masif la pa ni kòmansman an ni nan fen tout ministè timoun yo, men yon pati entegral nan yo.

Kèlkeswa tip aktivite a, ke se evanjelizasyon, disip oswa konsèvasyon, kèlkeswa kote l'ap fèt la tou, nan Legliz la osinon deyò; oswa gwosè gwoup la, TOUT aktivite yo dwe **planifye/òganize/ byen prepare**.

Ou bezwen:

- **Rasanble** ekip la, pou preparasyon konstan yo. Sa vle di jou, semèn e menm mwa preparasyon ak fòmasyon.
- **Priye** tout tan an fonksyon de objektif ak bezwen espiyèl yo.
- **Analyze** tip aktivite ke nou pral planifye a: yon kanpay evanjelizasyon.
- **Deside** tèm jounen an panadan n'ap konsantre sou: peche Timoun ak kolaboratè a (1 Jan 2: 1). **Pitit mwen yo, m'ap ekri nou lèt sa a pou nou pa fè peche. Men, si yon moun rive fè peche, nou gen yon avoka k'ap plede pou nou bò kote papa a: se Jezikri, moun te mache dwat devan Bondye a.**
- **Deside** sou jou, kote ak dire total la. Pou sa a, konsidere:
Pwogramasyon esansyèl la (Preparasyon lokal la, ekipman, lokalizasyon moun ak kolaboratè, elatriye),
Pwogram nan (pa plis pase inèdtan, dinamik ak entèaktif)

C. MODÈL POU YON PWOGRAM EVANJELIZASYON KANPAY TIMOUN.

Anvan kanpay la: 30 minit anvan. Pwomosyon.

- Yon jwèt ki òganize pou tout timoun yo.

Kanpay timoun yo: 30 minit

- Byenveni chalere.
- Yon ti rale avèk chante.
- Ansèyman tèks bibliik nan yon fason dinamik. (epi aplikasyon li avèk yon eksplikasyon kout).
- Ansèyman leson evanjelizasyon (avèk mim, kloun oswa maryonèt, desen, elatriye).
- Envitasyon ki senp epi klè, mande yo leve kanpe oswa leve men yo.
- Lapriye an ti gwoup piti lè nou idantifye timoun yo ki pran desizyon aksepte Kris la.
- Pran done yo.

Post-Kanpay: 15 minit.

- Rafrechisman
- Enskripsyon.
- Òganize Yon lòt jwèt.
- Fini.

5. TIMOUN NAN SOVE. E APRÈSA...? TRAVAY DISIP TIMOUN NAN

"Ale epi fè disip ... anseye yo pou yo obeyi tou sa m 'te kòmande nou" (Matye 28: 19-20).

Plan an:

Tout Timoun pou Kris la

Estrateji disip Jezikri a

Disip Timoun nan se yon pati nan yon ministè plen. Sa a ka fèt ak yon kalandriye planifye, òganize epi ki prepare ak yon kantite aktivite varye, enteresan epi pratik.

5.1 APRÈ KONVÈSYON TIMOUN NAN

Timoun yo ki te resevwa Jezikri kòm sovè pèsònèl yo bezwen direksyon ak konsèy nan men kretyen ki konfime imedyatman. Timoun ki pa resevwa swivi, souvan elwanye yo de angajman yo te fè nan koumansman an.

- a. **Si sa posib, kòmanse swivi a nan akonpaye timoun yo lè y'ap enfòmè paran yo de desizyon yo pou Kris la.** Sa a se patikilyèman enpòtan pou timoun ki soti nan kay ki pa kretyen. Pèmèt paran yo poze kesyon. Gen kèk k'ap panse ke timoun lan antre kòm yon manm nan legliz la. Rasire yo ke relasyon timoun lan ak legliz la pa te chanje. Se relasyon li avèk Bondye ki diferan. Sèvi ak opòtinite sa a pou bay paran yo kèk literati ki eksplike siyifikasyon delivrans lan.
- b. **Enfòmè pastè a de konvèsyon timoun nan.** Se posib ke pastè a vle yon konvèsasyon avèk timoun nan pou afime desizyon yo epi pou yo reponn nenpòt kesyon.
- c. **Afime desizyon timoun nan.** Kèk timoun gen difikilte pou konprann ke yo deja sove, espesyalman nan ka sa yo: Timoun nan t'ap tann yon repons emosyonèl, men se pa sa li jwenn nan eksperyans lan. Timoun nan espere wè chanjman dramatik nan konpòtman chak jou yo, men se pa li wè.
 - Timoun nan reyalize ke kretyen se emosyon lè yo "santi yo an sekirite" oswa dwe toujou kontan.
 - Timoun nan resevwa kritik nan men granmoun yo pou konpòtman nòmal timoun yo.
- d. **Kontribye nan kwasans espirityèl.** Ede timoun yo ...
 - Konprann sa ki te pase nan yon moman nan konvèsyon.
 - Kòmanse apresye benediksyon yo ak resous kretyen yo genyen.
 - Aprann ki jan pou yo fè fas ak dout, laperèz ak tantasyon.
 - Devlope yon relasyon pi pre ak Bondye.
 - Aprann viv yon lavi kretyen.
 - Apresye akonpanye lòt kretyen nan legliz la.

5.2 KONSÈVASYON NAN REZILTA

Nenpòt estrateji evanjelizasyon mande pou konsèvasyon ak disip ministè. Genyen timoun yo pou Kris la se sèlman kòmansman an nan ministè timoun yo , pou konplete li nèt, se yon pwogram disip, ki

dire endefiniman. Bib la pale de evanjelizasyon, toujou enplike lidè disip pou nouvo konvèti yo (Jan 15:16). Jan nan lèt li avèti nou sou poukisa yon konfòmite plen ak evanjelizasyon (2 Jan 8).

Malgre ke se vre ke timoun nan ki konvèti a vin nan pozisyon yon pitit Bondye, avèk tout dwa ak privilèj yon pitit, nou pa kapab atann ke timoun nan resevwa tout matirite nan lavi kretyen an, jodi pou demen. Nan vrè eksperyans, timoun nan se yon bebe nan Kris la, epi li dwe grandi nan lagras jouk li rive nan etap yon granmoun espiyèl, tankou sa yo ki konvèti pandan yo gran.

Menm jan ak nesans fizik yon timoun; lè yo fèt yon dezyèm fwa yo ta dwe resevwa lanmou ak swen sansib, epi yon konpreyansyon pasyan. Li dwe dwe nourri ak bon lèt orijinal pawòl Bondye (nan verite bibliki ki senp) jiskaske yo ka manje yon manje ki pi fò. Moun ki bò kote yo dwe nourri yo epi ankouraje yo avèk afeksyon.

Pa chache yon lavi totalman san peche. Timoun nan ka toujou kontinye dezobeyi, li ka fè kòlè oswa li ka egoyis, e sètènman l'ap fè'l! Verite a se ke, byenke se vre li sove, li toujou gen menm ansyen pèsonalite li. Prensip yo menm pou timoun kretyen yo ak granmoun kretyen yo lè n'ap pale de peche. Pote peche sa a bay Senyè a nan yon konfèsyon sensè (1 Jan 1: 9) epi viv eksperyans padon an ak pwòpte a.

Kite gras Bondye a fè travay li ti pa ti pa... Bib la, lapriyè, legliz la, konpayi, egzanp, ankourajman, defi a ... epi nan yon ti tan n'ap wè siy prezans Senyè a nan lavi timoun nan. Epi tou, kite timoun nan okipe yon gwo pozisyon nan pwòp vi lapriyè li. Pa gen anyen k'ap janm pran plas lapriyè. Alòske lè ou pote yon timoun bay Kris la, ou vin tounen papa osinon manman espiyèl li. Li rete grave nan kè'w. Si ou se yon bon disip, tankou Pòl avèk Timote w'ap ret gen rapò avè'l pou tout tan. Pa devalorize timoun yo. Konvèsyon yon granmoun pa gen plis enpòtans pase pa yon timoun. Tandans lan se kwè ... se sèlman yon timoun. Delivrans yon timoun se vrèman bèl bagay, men se sèlman konmansman an. Lavi kretyen an li kòmanse la epi li pral grandi pi plis e plis ankò. Tèlman gen bagay toujou pou yo aprann, pou yo viv ak pou yo fè. Konbyen bon Bondye nou an bon lè nou prezante li fason sa a. Yon bagay nouvo chak jou.

5.3 KI FÒMASYON NOU TA RENMEN BAY TIMOUN YO POU YO GRANDI?

Objektif yo ke nou vle atenn ak timoun yo se tèm jeneral sou lavi kretyen sa yo: Bondye, Kris la, Bib la, legliz la, kominote a ak timoun ki soti nan lòt peyi yo.

Nan konsèp jeneral sa yo n'ap ansenye sèlman detay ki nan kapasite mantal li. Lis ki anba la a ba ou yon lide de sa timoun nan ka konprann konsènan ansèyman bibliki la:

1. BONDYE	<p>Se Papa a ki nan syèl la e li renmen ou.</p> <p>Se li menm ki Kreyatè tout bagay.</p> <p>Li se pwotektè ou, e li pwoteje'w de danje yo, pa paran ou yo ak lòt moun.</p> <p>Se li ki ba ou sa ou bezwen yo.</p> <p>Li se èd ou lè ou nan lapenn, li bay solisyon pou pwoblèm ou yo.</p> <p>Dezobeyi Bondye se peche.</p>
	<p>Se pitit Bondye a.</p> <p>Li te fèt epi grandi tankou yon timoun e li te obèyisan ak paran'l yo.</p> <p>Li te mouri pou peche nou tout.</p>

2. KRIS	Li te resisite epi kounye a li nan syèl la. Li renmen timoun yo epi se zanmi yo. L'ap prepare yon kay nan syèl la pou timoun ki renmen li. Li gen menm pouvwa avèk Bondye.
3. BIB LA	Se liv Bondye a. Li di nou sa Bondye vle nou fè. Nou dwe renmen li, respekte'l epi obeyi'l. Istwa ki nan Bib la yo se verite.
4. TAMP LAN	Se kay Bondye a. Nou dwe renmen kay Bondye a. Nou ka mennen lòt timoun vini nan kay Bondye a. Nou aprann sou Bondye nan tanp lan.

5.4 RESOUS POU EDE NAN KONSÈVASYON REZILTA YO

- Devlope orè pou aktivite** varye epi ki oryente pou timoun, andedan ak deyò tanp lan.
- Mete soupye pwogram gran frè a** pandan n'ap fè vizit ak disip endividyèl. Ministè pèsònèl la tankou yon bèje avèk mouton li oswa yon manman poul avèk ti poul li dwe satisfè tout bezwen timoun yo.
- Angaje tout nouvo timoun** pandan n'ap fè selil disip deyò Legliz la pou 10 a 20 timoun
- Fè tout aktivite pou timoun yo fèt nan kè kontan, yon fason enteresan, kreyatif epi ekselan,** fè menm jan pou Lekòl Dimanch lan, Kilt Timoun yo, elatriye...
- Fè yon reyinyon chak semèn ak tout ekip** Ministè pou Timoun nan pou planifye, òganize epi pou prepare tout aktivite. Reyinyon chak semèn nan sèvi kòm sèvo a: li kontwole fonksyon yo ak aktivite yo, li kowòdone tout bagay.
- Òganize pwogram nan yon fason pou ke lidè yo ka idantifye "mouton" ki absan** nan nenpòt aktivite timoun ki vin apre evanjelizasyon an.

Matye 18: 11-14: Gwo Danje a

Kwazad Levanjil Timoun nan (vs 11)
Rezilta Kanpay la (vs 12a)
Gwo danje a (vs 12b)
Repons lan pou danje a (vs 12C)
Volonte Bondye pou Timoun yo (vs 14)

- Chak nouvo kwayan dwe resevwa sekirite pèsònèl la** ke kounye a "li pou Bondye."
- Chak timoun ta dwe resevwa konsèy** ak sipò ki nesèsè sou fason pou yo simonte twa P yo (Peché, Peril ak Pwoblèm).

- i. **Montre chak nouvo disip konsakre kèk tan chak jou pou devotion pèsonèl yo,** pandan l'ap sèvi avèk "Bib pou Timoun" nan. Mwayen gras Bondye yo ekstrèman enpòtan nan sa a. Timoun nan dwe aprann ke li bezwen priye ak li Bib la chak jou. Si timoun nan poko konn li, yon moun dwe li pou li. Nou dwe ankouraje'l rankontre regilyèman avèk moun ki gen menm fwa avè'l. Lekòl Dimanch lan, Legliz pou Timoun yo, tout se ekselan pou sa a. Sa ankourajan pou konnen ke gen lòt moun ki renmen Senyè a tou.
- j. **Disip la** ka gen yon klas espesyal nan orè Lekòl Dimanch lan.

Responsablite Gran Frè a

- Yon fwa ke timoun nan aksepte Kris la, nou dwe nonmen yon frè ki pi gran (yon granmoun) ki dwe priye chak jou pou pi ti frè yo.
- Sa ti frè yo plis bezwen an se yon zanmi kretyen, yon moun ki gen sousi pou yo, yon moun sensè ki pou bay yo konsèy, ede yo nan lavi espirityèl yo.
- Pandan chak aktivite semèn yo, travay prensipal la se konfime lafwa frè ki pi piti yo nan Jezikri. Nan chak reyinyon, gran frè a dwe devlope amitye ak konfyans ak nouvo timoun nan, ede'l avèk nenpòt difikilte, reponn nenpòt kesyon, ankouraje'l fè devosyon chak jou epi ale nan divès aktivite ministè timoun yo epitou temwanyen bay zanmi li ak fanmi li. Vizit la ap fini ak yon lapriyè.
- Li dwe salye'l ak afeksyon chak fwa ou wè timoun nan kwayan an nan lari a, nan Legliz la, elatriye. Li dwe montre'l ke amitye sa a se pou tout tan.

Konsèy pou sèvi avèk fim Jezi a nan Ministè avèk timoun yo Lekòl Dimanch lan

Fim Jezi a se yon zouti ki ka trè itil si nou konnen kijan pou nou itilize li byen. Pou timoun yo nou gen ministè diferan, fim Jezi a ka trè itil ladan yo. Nan Lekòl Biblik Vakans yo nou ka fè travay sou lavi Jezi nan yon semèn. Nan moman klas Biblik nou ka pase 15 minit nan fim nan chak jou, jiskaske li fini nan Vandredi. Nan Legliz Timoun lan nou ka sèvi ak lavi Jezi pandan yon mwa avèk 15 minit nan fim nan chak dimanch. Nan yon kan nou kapab divize tan an epi pase yon pati nan fim nan chak swa olye de yon prèch. Nan Lekòl Dimanch lan nou ka pase'l pandan klas nan mwa desanm yo oswa nan mwa nou selebre Rezirèksyon Senyè nou an, oswa nan tan yo ke nou wè ki konvenab. Chak nan aktivite sa yo ka fini ak yon apèl pou delivrans e konsa aplike evanjelizasyon an diferan nan Ministè Lekòl Dimanch lan.